

Dekrè 2026-01: Kesyon Moun Poze Souvan pou Antrepriz ak Pwopriyetè yo

Nan dat 6 fevriye 2026, Majistra Jake Wilson te siyen [yon Dekrè nan objektif pou garanti dwa ak sekirite rezidan Somerville yo fas ak mezi federal ki pa an amoni ak konstitisyon an](#).

Kisa Dekrè sa a prevwa?

Dekrè entèdi yo itilize bilding, pak, pakin ki se pwopriyete Vil la, kit se enteryè oswa eksteryè—kòm zòn rasanbleman, espas tretman, baz operasyonèl oswa pou nenpòt lòt objektif menm jan an, nan kad yon seri operasyon pou fè aplike lwa sivil nan domèn imigrasyon. Epitou, li mete yon seri modèl afich disponib pou pwopriyetè prive ansanm ak lokatè yo, nan objektif pou anpeche yo itilize espas prive yo nan kad aplikasyon lwa sivil nan domèn imigrasyon.

Èske pwopriyetè prive yo ak antrepriz yo kapab patisipe tou?

Wi. Byenke desizyon sa a aplike dirèkteman ak byen imobilye ki nan Vil la, pwopriyete prive yo ak pwopriyetè antrepriz yo kapab patisipe volontèman nan inisyativ sa a, pou prezève dwa ak sekirite rezidan Somerville yo, lè yo afiche yon seri afich ki fèt sitou pou pwopriyete yo a.

Kisa afiche yon afich vle di pou antrepriz mwen an?

Pwopriyetè prive yo ak antrepriz yo gen dwa pou limite aksè nan espas yo a. Lè w afiche yon afich sou pwopriyete w la, ou montre ou pa bay konsantman pou yo itilize pwopriyete w la nan kad mezi pou aplike lwa sivil nan domèn imigrasyon (tankou mete annatant, trete dosye, oswa operasyon). Lefètke w afiche yon afich konsa, sa pa chanje lwa ki aplike pou pwopriyete w la; ou senpleman ap egzèse dwa w genyen pou fikse kondisyon sou fason pou yo itilize espas prive w la.

Èske Dekrè sa a afekte manda legal oswa ankèt kriminel yo?

Non. Dekrè sa a pa met limit oswa restriksyon sou manda jidisyè legal yo oswa ankèt kriminel ki lejitim yo. Sa aplike sèlman pou aplikasyon lwa sivil nan domèn imigrasyon.

Èske sa vle di ICE pa kapab vini nan antrepriz mwen an?

Pa nesesèman. Afich sa a p ap anpeche ajan federal yo antre nan yon antrepriz si yo gen yon manda jidisyè ki valid oswa si yo ap aji nan kad fonksyon yo antanke otorite legal. Sepandan, ou pa oblije bay konsantman pou yo gen aksè nan kad aplikasyon lwa nan domèn imigrasyon.

Dekrè 2026-01 pou Vil Somerville Gid pou Afich nan Pwopriye Prive

Èske sa legal pou afiche kalite afich sa a?

Wi. Pwopriyetè antrepriz ak pwopriyetè pwopriye prive yo gen dwa pou fikse kondisyon sou fason pou yo itilize byen yo epi pou yo eksprime solidarite yo ak inisyativ Vil la. Afich la pa vyole okenn lwa federal oswa lwa Eta a.

Kisa m dwe fè si ajan ICE yo vini nan antrepriz oswa pwopriyete m nan?

Si ajan federal yo pwoche kote w: Rete kalm. Mande yo pou yo montre w yon manda jidisyè yon jij siyen (yon manda administratif ICE pa bay dwa pou yo antre). Ou pa oblije dakò pou yo antre oswa itilize pwopriyete w la, sof si yo montre yon manda jidisyè. Rele 911 si gen ajan federal ki antre yon fason ilegal sou pwopriyete prive w la.

Kisa pou m fè si yon moun ap deranje bon fonksyònman antrepriz mwen an?

Kit ou se yon ajan federal oswa yon senp sitwayen, antanke pwopriyetè oswa lokatè, ou gen dwa pou refize kite moun antre sou pwopriyete w la, epi ladan, gen mande yon moun kite espas la si li ap deranje lòt moun ki nan espas la.

Sèvis Lapolis Somerville la kapab ede manm pèsònèl yo dezamòse sityasyon sa yo. Tanpri, rele 911 si ou menm oswa yon manm nan pèsònèl la oswa nan piblik la santi yo menase.

Kijan pou m jwenn yon afich?

La a, w ap jwenn de (2) modèl afich pou pwopriyete prive yo, ou kapab itilize. Gen youn ki la pou egzèsè dwa w genyen pou entèdi yo itilize pwopriyete prive yo nan kad aplikasyon lwa sivil nan domèn imigrasyon, alòske lòt la ekri an tèm jeneral. Mete afich yo toujou rete sou baz desizyon pwopriyetè antrepriz ak pwopriyetè pwopriyete a.

Ki kote mwen kapab enprime modèl afich sa yo?

Chak modèl fèt pou yo enprime sou yon fèy ki nan fòm 8.5 x 11 epi yo enprime rekto vèsò, avèk yo gen yon kloz pou non responsabilite nan vèsò a. Afich ki make “manm pèsònèl sèlman” yo fè pou yo pi piti epi nan modèl la gen de (2) afich sou yon sèl paj. Si w pa gen yon enprimant, Bibliyotèk Piblik Somerville la kapab ede w. Rezidan ki gen yon kat bibliyotèk nan Somerville oswa nan nenpòt bibliyotèk nan Rezo Bibliyotèk Minuteman nan, kapab enprime yo nan bibliyotèk la. Bibliyotèk Somerville la ofri \$3.00 enpresyon gratis (20 paj an nwa ak blan oswa 10 paj an koulè) pa jou. Ou kapab peye pou tout enpresyon anplis yo ak lajan kach nan Biwo Referans lan.

**Dekrè 2026-01 pou Vil Somerville
Gid pou Afich nan Pwopriye Prive**

Fabville, espas kreyasyon kominotè Somerville la, kapab ede w tou, si w vle fè afich ou yo poukont ou nan yon lòt materyèl.

Epitou, gen plizyè ti biznis enprimri nan Somerville, ki kapab ede w reyalize yon seri afich sou mezi.

Prezantasyon Modèl yo

MODÈL POU PWOPRIYETE PRIVE YO

1ye Vèsyon [“Pwopriyete Prive – Antre Entèdi - Ou Pa Gen Otorizasyon pou Antre pou Kesyon Aplikasyon Lwa Sivil nan Domèn Imigrasyon”](#)

2yèm Vèsyon [“Pwopriyete Prive – Antre Entèdi”](#)

Yo dwe mete afich sa yo toupre antre pwopriyete prive yo. Pa egzanp, nan antre sal prensipla yon bilding ki gen plizyè fanmi oswa nan pòt yon kay.

MODÈL POU ANTRE ANTREPRIZ YO

1ye Vèsyon [“Rezève pou Kliyan ak Manm Pèsonèl Sèlman - Ou Pa Gen Otorizasyon pou Antre pou Kesyon Aplikasyon Lwa Sivil nan Domèn Imigrasyon”](#)

2yèm Vèsyon [“Rezève pou Kliyan ak Manm Pèsonèl Sèlman - Nou gen dwa pou pa kite w antre”](#)

Afich sa yo fèt pou antrepriz yo epi yo dwe mete yo yon kote yo atann pou kliyan ak vizitè yo antre.

MODÈL POU ANNDAN ANTREPRIZ YO

[“Manm Pèsonèl Sèlman”](#)

Yo dwe mete afich sa yo sou pòt pa anndan ki separe pati ki aksesib pou piblik la nan yon antrepriz parapò ak zòn ki prive yo.